## 7. DJALMA ANJAR.

Dina hidji poë bapa Roesdi pĕrloe nganggeuskeun pagaweanana. Bari indit ngomong ka anak-anakna: „Roesdi! Misnĕm! tjaritjing sia di tĕpas hareup. Bisi aja semah, bedjakeun bae bapa di leuit kitoeh, keur ngoeroes pare."

„Di boeroean bae aloeh oelinna, 'Di!" tjeuk si Misnĕm.

„Hajoe oerang njaloekan batoer heula."

Broel baroedak tatanggana njalampeurkeun, aroelin di boeroean imah Roesdi.

Keur rame baroedak aroelin, oedjoeg² djol bae aja djĕlĕma djangkoeng gĕde sarta bewosan, dikĕrĕpoes beureum, didjoebah bodas, rompi hideung, samping palekat djeung disapatoe, teu kanjahoan ti mana datangna. Ari kadinjana ngagendol kompor kaleng, diiringkeun koe noe nanggoeng.

Baroedak kabeh laloempatan, aja noe njoempoet ka kolong, aja noe njoempoet ka pipir imah, bari tingtaroĕl djeung batoerna: „Oelah tjektjok, enj! Eta teh, bisi teu njaho, tjoelik."

Roesdi djeung Misnĕm loempat ka tĕpas imahna.

Djalma noe djangkoeng gĕde tea ngomong di boeroean imah Roesdi: „Oedjan! oedjan! Olah lomfat, koerin laing naoen-naoen. Niai! niai! kadioe, ioe baran-baran aralos."

Roesdi djeung Misnĕm ngadĕdĕmpes bae, tjitjing di tĕpas.



Baroedak noe sedjen njaroempoetna beuki baroeni bae, sarieuneun, pedah ngomongna kitoe.

Roesdi lalaoenan ka imah, toeloej bidjil ti tĕpas toekang, loempat njampeurkeun bapana.

„Bapa! aja tjoelik
pĕti djeung ngagandon
keur wadah boedak. To
Si Roesdi loempat
„Foentan, kau! Be
Aja sito, aja mĕrdj
songit djong roepa? k
„Ah, moal meuli
koering mah," temba
„Ah, mol ĕnja te
dagang teh.
„Enja, toean, teu
ka imah noe sedjen.
Toeloej eta noe da
geus djaoeh, Roesd
leuit, njalampeurkeu
„Bapa, eta teh sa
pipina!" tjeuk baroe
„Ih, lain sato,
toean? Bonggola, ka
tadi mawa dagangan
„Geuning koerin
noe kitoe roepana.
bapa?" tjeuk Roesd

„Bapa! aja tjoelik di tĕpas hareup, mamawa pĕti djeung ngagandong kompor kaleng, meureun keur wadah boedak. Toeh geuning, bapa, ka dieu!"

Si Roesdi toempat njoempoet ka djĕro leuit.

„Foentan, kau! Beuli baran-baran alos, kau! Aja sita, aja mĕrdjan, aja ankik, aja minja² songit djeung roepa² baran sedjeng."

„Ah, moal meuli toean! Teu boga doeit, koering mah," tembal bapa Roesdi.

„Ah, mol ĕnja teu boega doeit!" tjeuk noe dagang teh.

„Ĕnja, toean, teu boga! Toeh ka ditoe bae, ka imah noe sedjen."

Toeloej eta noe dagang teh indit deui. Barang geus djaoeh, Roesdi djeung Misnĕm toeroen ti leuit, njalampeurkeun ka bapana.

„Bapa, eta teh sato naon? Geuning boeloean pipina!" tjeuk baroedak noe doea.

„Ih, lain sato, djĕlĕma eta teh. Noe kitoe toean² Banggala, ka dieuna rek dagang; geuning tadi mawa dagangan rea pisan."

„Geuning koering kakara papanggih djeung noe kitoe roepana. Na' di mana lĕmboerana, bapa?" tjeuk Roesdi.

„Di dajeuh matoehna mah!" tembal bapana. „Tapi ari lĕmboerna pisan mah djaoeh, di ditoe, di tanah sabrang. Ka dieu soteh ngaradon dagang bae. Geura ĕngke, ari sia geus sakola di dajeuh mah, mindĕng nendjo noe kitoe, djeung geus tangtoe moal sieun kawas ajeuna."

„Iraha atoeh bapa oerang-ka dajeuh?" tjeuk Roesdi, „koering mah hajang njaho tĕmpatna bae."

„Ĕngke, ari geus ngadjoeal pare, hajoe oerang ka dajeuh, bari oerang meuli papakean teu, kapan aing boga tjatjarekan, basa sia gĕring teh; di mana tjageur deui, sia rek dibawa ka dajeuh, barang beuli sakahajang sia."

## 8. MABOK.

Baroedak sakola geus njarahoeun ka-teu-hadeanana oedoed, sabab Goeroena mindĕng ngadongengkeun pĕrkara eta. Ari babakoena pang teu hade sabab matak njĕri tikoro, njĕri angĕn, malah tjeuk bedja mah aja deui noe panggoreng-gorengna, njaeta matak bĕlĕt diadjar.

Tah sakitoe kago
sanadjan njaraho oge
alawa koe kolot-kolo
noe njoba$^{2}$ aroedoed
pisan dieureunanana
babakoena sok woe
Boedak$^{2}$ kampoer
oedoed. Barogana b
lain ari meunang
meunang poenta-pen
njokot tina dompet
Maraneh geus ne
Roesdi mindĕng
oelah sok oedoed. I
goler, da bisi Roesc
Dina hidji poĕ,
semah di tĕpas hor
ngagoler dina sama
Katendjoeun koe
nakĕr; dompetna
toempa-tĕmpo, sieu
Kabĕnĕran euwe
kot bako tina dom
Manehna teu wa

Tah sakitoe kagorenganana oedoed teh. Tapi sanadjan njaraho oge sarta ditjarek koe Goeroena atawa koe kolot-kolotna, rea bae baroedak sakola noe njoba² aroedoed. Di mana geus biasa, hese pisan dieureunanana, malah djeung eureun mah, babakoena sok woeweeh beuki.

Boedak² kampoeng oge geus rea noe beuki oedoed. Barogana bako djeung daoen kawoeng, lain ari meunang meuli mah, ngan sakadar meunang poenta-penta ti kawawoehanana atawa njokot tina dompet bapana.

Maranéh geus nendjo boedak mabok oedoed?

Roesdi mindĕng pisan ditjarek koe kolotna, oelah sok oedoed. Dompet bapana tara digoelar-goler, da bisi Roesdi njokot bakona.

Dina hidji poë, bapa Roesdi tas njoegoehan semah di tĕpas hareup, dompetna katinggaleun, ngagoler dina samak.

Katendjoeun koe Roesdi, manehna atoheun nakĕr; dompetna ditjokot bari loeak-lieuk, toempa-tĕmpo, sieuneun kanjahoan koe bapana.

Kabĕnĕran euweuh saha², toeloej Roesdi njokot bako tina dompet djeung daoen kawoengna.

Manehna teu wanieun oedoed di dinja. toeloej

njoempoet di deukeut kandang ĕmbena. Roko noé sagĕde tjoeroek njot dioedoed, mani ngĕboel kawas poepoetan bae. Manehna ngomong sorangan: „Paingan atoeh koe bapa sok ditjarek, da geuning ngeunah ari oedoed teh."



Roesdi njot deui njot deui, oedoedna diseuseup noeroetan kolot. Barang geus opat lima kali njeuseupna, lĕng Roesdi lieur, beungeut pias, kolojong ka pipir imah, bioeg laboeh, oetah oetahan. Katendjoeun koe adina, kantjeuna keur oehak-ohek bae, si Misnĕm loempat ka indoengna, ngabedjakeun Roesdi oetah-oetahan di pipir. Koe indoengna diboeroe bari ditanja: „Ngahakan

naon, djeung naon
bae ka indoengna, j
naug njokot tina do
Omong indoengna
djeung koe bapa o
oedoed, tapi sia t
kolot. Ajeuna karas
ngadenge papatah te
Indoengna boeroe
diinoemkeun. Sang
ngadak² tjageur.
„Ĕma, koering m
Roesdi. „Satadina p
matak ngasaan teh.
ngeunaheun nakĕr."
„Hih meureun ba

9

Geus biasa pisan
rea bagong noe nj
boeran, nareangan

naon, djeung naon anoe njĕri?" Roesdi waktja bae ka indoengna, jen tas oedoed, bakona menang njokot tina dompet bapana.

Omong indoengna: „Kapan sia teh koe aing djeung koe bapa oge sok ditjarek, oelah sok oedoed, tapi sia teu ngadenge kana papatah kolot. Ajeuna karasa koe sia baloekarna tara ngadenge papatah teh."

Indoengna boeroe² ngaroedjak asĕm, toeloej diinoemkeun. Sanggeus nginoem, si Roesdi ngadak² tjageur.

„Ĕma, koering moal deui² oedoed teh," tjeuk Roesdi. „Sotadina panjana koering ngeunah, noe matak ngasaan teh. Geuning ari bapa mah kawas ngeunaheun nakĕr."

„Hih meureun bae, atoeh kolot mah."

---

## 9. MORO.

---

Geus biasa pisan oenggal² oesoem halodo sok rea bagong noe njaraba ti goenoeng ka pilĕmboeran, nareangan kahakanan djeung ngadon

nginoem, da di goenoeng² mah waktoe eta sok tara aja hakaneun, inoemeun.

Di tonggohein lĕmboer Roesdi kĕbon djeung palawidja rea noe roeksak disoengkoeran bagong. Tangkal saupen wani rĕbah, hoei boled djeung soeoek ngan kari areujna bae ngagoendoek.

Sanggeusna djĕlĕma di lĕmboer eta meunang bedja jen kĕbonna roeksak, isoekna broel kolot boedak ka leuweung sapakarangna, sapakakasna: bĕdog, gobang, toembak, koeli, boerang djeung andjing aja poeloehna.

Barang geus daratang ka leuweung, djĕlĕma² roepa-roepa polahna, aja noe naheunkeun boerang, aja noe njieun loenoehan djeung sosog. Ari noe sawareh deui marawa andjingna, ngagĕbah ti noe bala.

Teu sabaraha lilana andjing geus ramé gagegog.

Babina tinggoelockgoek, noe gĕde noe leutik riab ka loear ti noe bala; aja noe beunang koe andjing, aja noe dikadek atawa dikoeli. Noe laloempatan kapĕgat koe boerang djeung koe sosog.

Djoemblah djoemblah bagongna noe beunang, gĕde leutik, aja opat poeloeh.

Tjik saha noe sareubeuheun koe laoekna?



Roesdi djeung Misnem. II — Bab nu tinggoelockgoek, noe gĕde noe leutik . . . . . Katja 30

Taja deui noe sarenbeuheun mah, ngan an-djingna tea bae, boeroeh ngagiringkeun djeung ngoedag ti noe bala.

„Leuh, paingan kĕbon dewek roeksak, da bagongna sakitoe galĕdena," tjenk noe saoerang.

„Tah, bagong ieu noe ngoedag ka dewek ka-mari di kĕbon teh," tjenk noe saoerang deui.

Barang geus reureuh tjarapena, djĕlĕma² tea baralik. Sadjalan-djalan aja noe ngala soeloeh, aja noe soesoempit djeung salian ti eta.



Roesdi djeung Misnăm mapagkeun bapana nĕpi ka sisi lĕmboer.

„Toeh geuning bapa," tjeuk Misnĕm.

Baroedak paheula heula, laloempatan njalampeurkeun bapana.

Tjeuk bapana Roesdi: „Heh ieu manoek, hidji sewang."

„Manoek naon ieu teh, bapa?"

„Tikoekoer!" tembal bapana.

„Geuning leutik, bapa?"

„Hih, adatna, kapan anakna keneh," tjeuk bapana, „pek barawa ka imah, oerang koeroengan; kahade bisi leupas, da geus barisa hibĕr."

„Ari ela naon, bapa, noe didjingdjing?"

„Ieu oge manoek, tapi ieu mah geus paeh, da beunang njoempit.

Heh ieu bikeun ka èma. Geuwat sina digoreng, djeung ieu lalab sina diseupan."

Roesdi djeung Misnĕm aratoheun pisan dikirim anak tikoekoer, djeung ĕngke dadaharanana bakal ngeunah, da djeung goreng manoek.

---

10.

Baroedak noe g
geus njaraho tĕmp
mahi, di Bandoeng

Baroedak noe se
ngaranna bae, mak
nge ngaranna oge.
djĕlĕma? Tah saki
baroedak mah.

Roesdi oge kaas
noe laljan njaho d
koemaha ari soldad

Kolot boedak n
tangtoe mindĕng na
dialadjar pĕpĕranga
papanggih, tangtoe
dadoe.

Soldadoe² dialadj
lain dina hidji tĕmp
ka lĕmboer² noe
noengan.

Hidji mangsa lĕ